

TARIRO YANHASI

CHITSAUKO 31

KUTORA KWAKANAKA KUNOITWA ZVINHU NAMWARI

Tisati tasvika muna 1982 vana mazvikokota vanodzidza nezvemuchadenga vaitaura pamusoro pemubatanidzwa wezvisikwa zvese zvemuchadenga zvinosanganisira pasi rino rese. Vanhu vazhinji waitenda kuti tichaona kushanduka kwemamiriro ekunze kunoitika pasi rino rese. Vaitarisira kuona shanduko pamafambiro anoita mhengo. Manairo emvura aitarisirwawo zvakare kuti achashanduka. Shanduko idzi dzaitarisirwa kuti dzichaunza nzara huru pasi rino rese. Bhaibheri rinovimbisa kuti shanduko dzakadai dzichaitika. MuBhaibheri munewo mabasa makuru akaitwa naMwari munhoroondo yenyika. Mwari Musiki havana dambudziko rekuchengeta zvinhu zvavakasika. Munhu ndiye anovhiringa zvinenge zvasikwa naMwari. Saka Mwari vanotanga kupa vanhu zvitarafu zvemhosva dzavo. Asi Mwari vanopawo vanhu nyasha dzavo nemikana yekuramba vachiwana tsitsi dzaMwari. KUTORA KWAKANAKA KUNOITWA ZVINHU NAMWARI kunoonekwa muna Genesi 7:17-24

¹⁷Mafashamu akaramba achingouya panyika kwamazuva makumi mana, uye mvura sezvayakaramba ichiwanda yakasimudza areka pamusoro-soro penyika. ¹⁸Mvura zhinji yakasimuka uye ikawanda zvikuru panyika, uye areka ikayangarara pamusoro pemvura. ¹⁹Yakakwira kwazvo pamusoro penyika, uye makomo ose marefu ari pasi pedenga akafukidzwa. ²⁰Mvura zhinji yakasimuka ikafukidza makomo kusvikira pamakubhiti gumi namashanu kudzika kubva pamusoro pawo. ²¹Zvipenyu zvose zvinokambaira panyika zvakaparara, shiri, zvipfuwo, mhuka dzesango, zvisikwa zvose zvakafararira pamusoro penyika, namarudzi ose avanhu. ²²Zvinhu zvose zvakanga zvino kufema kwoupenyu mumhino dzazvo panyika

zvakaifa. ²³Zvinhu zvose zvipenyu zvaiva pamusoro penyika zvakaparadzwa, vanhu nemhuka, nezvisikwa zvinokambaira panyika neshiri dzedenga zvakaparadzwa kubva panyika. Noa bedzi ndiye akasiyiwa navaya vaiva naye muareka. ²⁴Mvura zhinji yakafukidza nyika kwamazuva makumi mashanu.”

Mharidzo iyi iri pamusoro pekutora kwakanaka kunoitwa zvinhu naMwari. Kubva mundima dzataverenga unogona kunyatsoona kuti Mwari vanoita zvinhu NEMAZVO. Izvi zvinofanira kutiita kuti tivimbe naMwari. Kudzika kwemvura kunoratidza kuti kutonga kwaMwari kwakanyatsoitwa nemazvo. Ngatimbofunga kuti mvura yakange yakadzika zvakadii. Ndimba inotaura kuti mafashamu emvura akaramba achingouya panyika zvitubu zvakadzika dzika zvepasi zvakadzutuka. Mvura yakange yave kubva pasi. Ukuwo kumusoro kwakatanga kunaya uye kukaramba kuchingonaya. Mafafitera ekudenga akazaruka. Izvi zvakange zvisati zvambotika kumashure uko. Chimbonyatsokuzvifunga. Tuhova twemvura twakatanga kutubuka tuchibva pasi pakadzika dzika penyika. Kumusorowo kwaibva tunzizi twaibuda mumakore tuchiuya nemvura. Hatifaniri kushamisika kuti Bhaibheri rinotiudza kuti mafashamu emvura akaramba achingowanda zvikuru.

Mazuva ano, kunzvimbo iyi kwakavakwa ngarava panguva yaNoa, kunonaya mvura inosvika kuma 200 millimeters pagore. Hatifungi kuti pane shanduko yakanyanya yakaitika munzvimbo iyi kwemakore akawanda. Kwete panzvimbo iyi chete asi pasi rino rese zvitubu zvemvura yepasi zvakadzutuka. Mvura zhinji yakabuda kubva pasi ichiita setunzizi twaibva pasi penyika. Mafafitera ekudenga akazaruka kukabvawo dzimwe dzaiita sehova dzaibva kudenga, kukanaya kwemazuva 40 - kuchinaya husiku nemasikati.

Tinoenderera mberi tichiudzwa kunzi mvura yakaramba ichinaya pasi rino rese. Makomo marefu ese akafukidzwa nemvura. Hanzi mvura yakafukidza makomo makubhiti anosvika 15 kana kuti 7 ½ meters, kureva kuti gomo rakange rakareba kudarika mamwe ose raive pasi pemvura kwema meters anosvika 7 ½. Unoziva here kuti gomo rakareba kupfuura mamwe ese nhasi rakareba zvakadii? Gomo rakareba kudarika mamwe ese rinonzi *Everest*. Riri pamuganhu wenyika dzinonzi Nepal neTibet. Rakaita mutungagore ma metres anosvika 8,848 kuenda mudenga. Ndizvo chaizvo. Pasi rino rese pane makomo anosvika 76 akareba kupfuura ma meters 3,700. Pamwe makomo aya akaumbika pakadzutuka mvura ichibva pasi penyika uye zvitubu zvepasi zvichibudisa mvura yazvo mumazuva aNoa.

Asi ngatitarisei nhau yekuita zvinhu nemazvo kunoitwa naMwari. Zvinhu zvaMwari zvinoitwa zvakazara. Mwari vanoita zvinhu zvavo zvichifambirana nekuzara kwavo zvekuti kana vazvipira kuti chimwe chinhu chinofanira kuitika chinotoitika. Zvavakati ndichaita vakazviita. Gomo guru kupfuura mamwe ese rakazadzwa nemvura ikaenda mudenga ma *meter* anosvika 7 ne ½. Mvura yakazadza pasi rino rese. Nyika yese yakaputirwa nemvura.

Kuparadza kwakaitwa nemvura ndicho chinhu **chechipiri** chinoratidza kuitwa kwezvinhu nemazvo kwaive mukutonga kwaMwari. Chinhu chipenyu chese chakafa. Zvipenyu zvese zvaifamba pamusoro penyika zvaiti zvinobururuka zvese nezvipfuwo zvese nemhuka dzese nezvinhu zvinokambaira pamwe chete nevanhu vese. Chinhu chese zvacho chaifema. Zvinobhururuka zvese. Zvipfuwo zvese. Mhuka dzese. Zvinokambaira zvese. Vanhu vese. Hapana chakasara kunze kweavo

neizvo zvaive muAreka. Noa nevanakomana vake vatatu nevakadzi vavo nemhuka dzavaive nadzo neshiri dzavaiva nadzo.

Mazuva ano kwakawanikwa mapfupa ezvinhu zvakafa kare kare munzvimbo dzakawanda. Aya papfupa emhuka dzakafa kare akatooma kunge dombo. Pane nzvimbo dzakawanda pasi rino rese dzine mapfupa aya ezvinhu zvakafa kare. Izvi zvinoratidza kuti pane chiitiko chemakare kare chakauraya zvinhu zvakawanda. Zvinoratidza kuti munhorondo makamboitika mafashamu. Sezvinotaurwa nehama yangu mubindu kana kuti mumunda maTenzi, Dr Henry M. Morris, vanoti hazvingoni kuti kuve nemapfupa akawoma kunge matombo kana pasina kudzimbirirwa kwemhuka yacho inenge yafa. Vana mazvikomota ve *geology* vasingatendi muna Mwari vari kuramba vachitsvaka zvikonzero. Asi chikonzero chiri pano pachena. “Zvinhu zvose zvipenyu zvaiva pamusoro penyika zvakaparadzwa.”

Nzvimbo dzese pasi rino rese dzakashandurwa nemvura iyi. Uku kwaive kuparadzwa kwenyika. Ndosaka ndapa pfungwa yekuti mamwe emakomo aya anogona kunge akagadzirwa pakutubuka kwemvura yaibva pasi pakadzika dzika penyika nepakavhurika mafafitera ekudenga mvura ikabva kudenga nepasi. Mafashamu emvura aya akakonzera kuparadzwa kukuru kwezvinhu. Zvinhu zvakadai takazviona kunzvimbo dzakasiyana siyana panguva dzakasiyana siyana. Takaudzwa kuti nzvimbo huru nenyika yeBangladesh dzakakuvadzwa zvakaipisisa pakaita mafashamu emvura aibva munyanza. Ndinoziva nzvimbo dzakawanda dzakanaya mvura zhinji zvekuti pakange pasina mapani, mapani akacherwa nemvura iyi munguva pfupi. Mushure mema *hours* mashoma shoma, mapani

akacherwa. Panofanira kunge pakave nekufamba kwenyika kwakakonzera kuti mvura yaive pasi pasi ibude sezvitubu. Kuputirwa kwenyika nemvura hachisi chinhu chitsva sezvo muchitsauko chekutanga chaGenesi tinoudzwa kuti kwaive nemvura pakutanga kwekusika kwaMwari. Hanzi paive nerima rakanga riri pamusoro pemvura yakadzika, uye mweya waMwari wakanga uchigara pamusoro pemvura. Hanzi Mwari akati ngapave nenzvimbo pakati pemvura kuti iparadzanise mvura nemvura.

Pane chimwe chinhu chinonakidza pano. Mvura iyoyo yakaparadza zvakaipa ndiyozve yakaporesa zvakanaka nekuti vakange vari muAreka uye areka yakatakurwa nemvura.

Tinotenda mufundisi nechidzidzo chanhasi kubva mubhuku raGenesi chitsauko 7 tichiona mafashamo makuru akaitika munguva yaNoa. Mafashamu iwaya ndiwo akaparadza pasi rose asi Noa nemhuri yake pamwe nemhuka dzakanga dzataurwa naMwari vakange vakachengetedzeka vari muAreka. Muteereri waonawo here hukuru hwaMwari nesimba ravo. Kuti zvavanenge vataura kuti vachaita zvirokwazvo vanotozviita. Sezvakaita panguva iyi. Kuunza mafashamu emvura. Ndivo zvakare Mwari vatiri kuti tinofanira kuvimba navo. Ndivo vane masimba ose uye ndivo bedzi vanozadzisa zvavanotaura sekutaura kwavanenge vakaita. Ndinokukurudzira hama yangu kuti tariro yako yose ngaive muna Mwari ava vane masimba akadai.